



Pou Piblikasyon Imedya: 16/05/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KAT SIT VAKSINASYON TANPORÈ NAN ESTASYON MTA YO AP KONTINYE FONKSYONE APRE SIKSÈ PWOGAM PILÒT LA

Sit nan Penn Station, Grand Central, East 180th Street ak Broadway Junction yo ap kontinye administre vaksen jiska 22 me

Apeprè 3,500 dòz te administre nan kat sit sa yo -- epi 4,637 dòz te administre nan tout uit sit pwogram pilòt yo -- soti 12 me rive 15 me

MTA pral bay yon kat metro sèt jou gratis a moun ki te vaksinen nan sit yo

Tout sit yo ouvri pou vaksinasyon san randevou sou baz yo sèvi moun ki vini anvan yo; Anplwaye MTA yo ka vaksinen nan sit yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a kat sit vaksinasyon tanporè nan arè estasyon MTA yo ap kontinye fonksyone jiska samdi 22 me apre siksè pwogram pilòt la. Arè yo enkli Penn Station, Grand Central, East 180th Street nan Bronx, ak Broadway Junction nan Brooklyn. Sit tanporè nan kat arè sa yo, ki te kòmanse fonksyone nan dat 12 me te administre 3,497 dòz soti 12 me rive 15 me.

Sit yo sèvi jiska 300 vizit san randevou pa jou sou baz yo sèvi moun ki vini anvan yo, k ap itilize dòz vaksen Johnson & Johnson lan. MTA te fè patenarya ak SOMOS Community Care nan kat sit yo k ap kontinye fonksyone jiska 22 me yo epi bay yon Kat Metwo 7 jou gratis kòm ankourajman pou vaksinen nan sit yo. Anplwaye MTA yo ka vaksinen nan sit yo.

"Mete vaksen COVID la dirèkteman nan plas kote Nouyòkè yo abite epi travay, se te yon eleman kle nan efò vaksinasyon nou yo, epi li te reyisi", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Patenarya nou ak MTA te rann li posib pou atenn Nouyòkè sa yo ki deplase epi mache sou tout arè metwo ki frekante nou an, kidonk n ap kontinye kenbe kat sit tanporè sa yo ouvri pou bay plis vaksen nan bra moun yo."

Pwogram pilòt pou pote vaksen an nan arè estasyon MTA yo [te lanse](#) nan dat 12 me ak uit sit tanporè. Soti 12 rive 15 me, 4,637 dòz te administre nan uit sit yo.

"Sit vaksen nan estasyon nou yo ap rankontre moun yo kote yo ye A pou bay aksè nan vaksen an nan fason ki pi rapid epi fasil ke posib," **Pat Foye, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA a, te deklare** "Nou rete yon sèl kou pou bat viris sa epi se

poutèt sa egzakteman n ap pwolonje sit sa yo pou nou ka bay plis vaksen nan bra yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo pou lidèchip li epi mwen remèsye li pou patenarya li sou pwogram enpòtan sa".

Mwen ankouraje moun k ap planifye pou vaksinen yo pou akòde plis tan nan deplasman yo pou akomode pwosesis vaksen an. Orè fonksyònman pou chak nan kat sit yo disponib pi ba a:

Koridò Penn Station ki nan 34th Street la
Ouvri: 3 PM - 8 PM

Grand Central Terminal - Vanderbilt Hall
Ouvri: 8 AM - 1 PM

East 180th Street (Bronx)
Ouvri: 8 AM - 1 PM

Broadway Junction (Brooklyn)
Ouvri: 3 PM - 8 PM

Gen mesaj dijital k ap pase sou plis pase 12,000 ekran nan estasyon MTA yo, sou machin tren, ak bis yo pou fè pwomosyon lokalizasyon sit yo ak lè operasyon yo. Y ap difize kontni piblisite a pou plis pase 3 milyon abone atravè platfòm rezo sosyo MTA yo. Y ap pwodui siyalizasyon pou bay direksyon epi afiche yo nan sit tanporè estasyon yo pou ede asire bon jan sikilasyon. Enfòmasyon yo ap disponib tou sou [sitwèb MTA](#) a.

Kolaborasyon sa ak MTA ajoute sou efò Eta New York kontinye fè pou rann vaksen COVID-19 la pi aksesib. Nan dat 27 avril, Gouvènè Cuomo te anonse ke apati 29 avril, tout sit vaksinasyon an mas eta yo ap ouvè pou vizit san randevou, yon kontinite nan efò pou rann li pi fasil pou Nouyòkè yo vaksinen. Vizit san randevou yo rezève pou premye dòz yo sèlman oswa vaksen yon sèl dòz Janssen/Johnson & Johnson lan, tou depann de disponiblite ak kote a. Anplis, yo ankouraje tout founisè vaksen yo pou pèmèt vizit san randevou epi elimine lòt baryè pou vaksinasyon yo pou Nouyòkè ki kalifye yo.

[Tablodbò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodbò a pou reflète mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a.

Nouyòkè ki sispèk fwod nan pwosesis distribisyon vaksen an ka rele kounye a nan 833-VAX-SCAM (833-829-7226) oswa voye imèl bay Depatman Sante a nan STOPVAXFRAUD@health.ny.gov. Anplwaye liy ijans yo ap achemine plent yo bay

ajans investigasyon ki apwopriye yo pou asire ke Nouyòkè yo pwofite de travay Eta a pou vaksinen tout popilasyon ki kalifye a.

Eta New York kontinye ouvri sit vaksinasyon kominotè tanporè nan kominote ki defavorize atravè eta a. Depi 15 janvyè, plis pase 200 sit kominotè tanporè te administre plis pase 77,000 premye dòz nan vaksen kont COVID-19 la.

###

Lòt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)